WIKIPÉDIA

Basa Melayu Papua

Basa Melayu Papua ya iku sawiji jinis basa Melayu kang dituturké ing wewengkon Papua. Basa iki kegolong basa kang enom lan jinis basa kreol Melayu miturut Ethnologue[1]. Basa iki ngembang kira-kira 130 taun kepungkur. Enggon asal basa iki durung cetha banget, nanging kira-kira ing sekitar pesisir Papua Kulon. Miturut Rowley (1972) munculé basa iki bisa dikira-kira nalika abad 14 Maséhi[2]. Pengaruh Melayu miwiti nalika akéh pedagang-pedagang netep ing daérah Seram lan Tidoré, nuli njalar marang Papua. Van Velzen (1995) mratélakaké basa Melayu iku duwé wilayah komunikasi basa kang luwih amba sedurungé bangsa Èropa pertama teka[2]. Ing taun 1705 wong Èropa kang pertama teka ing Yapén Waropén, dhèwéké bisa nganggo basa Melayu karo penduduk lokal ing kana. Suku bangsa kang ana ing Yapén Waropén iku Biak. Van Velzen dudutané antarané wong Biak kang pertama ngenal basa Melayu[2]. Basa Melayu Papua dititèni kaya basa Melayu Ambon utawa Menado amarga akéh cekakan tembung.

Basa Melayu Papua	
Bahasa Melayu Kreol	
Asal	Indonesia
Laladan	Papua
Panyatur asli	500,000 (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Melayu-Polinesia ▪ Melayu-Sumbawa ▪ Melayik ▪ Melayu ▪ Melayu perdagangan ▪ **Basa Melayu Papua**
Kodhe basa	
ISO 639-3	mkn

Conto basa

- *Sa pu ruma*[3], “Omahku”.
- *Ini suda ko punya suami*[3], “Iki bojomu”.
- *sa kas tau sedikit yang kitong pu persiapan yang jelang-jelang kaka pu acara nikah*

yang kemarin[3], “Aku ngandhani sithik cecawis kita wingi bab acara kawinan mbakyu”.

- *sa bapa dorang pi pancing pagi-pagi*[4], "Bapaku lan kancané lunga mancing èsuk-èsuk".

Rujukan

1. "Malay, Papuan" (https://www.ethnologue.com/language/pmy/20). *Ethnologue*.
2. Kluge, Angela Johanna Helene (2014). *A Grammar of Papuan Malay*. Netherlands: LOT. k. 12. ISBN 978-94-6093-143-7.
3. Fields, Phil (September 2010). "Papuan Colloquial Indonesian". *SIL International*. SIL Electronic Working Papers 2010-005.
4. Burung, Willem (1-3 July 2008). "Melayu Papua: A hidden treasure". *International Conference on Language Development, Language Revitalization and Multilingual Education in Ethnolinguistic Communities*: 4. Priksa gandra date ing: |date= (pitulung)